



YOKKUTE
Ngir dundu bu sell
Pour une vie saine

2025
· FONGS & SOL ·

MEÑEEF I RÉEWMI CI SUÑNU BIIR DUND

AY ÑAM MBURU, KUKII, MBISKIT, BRIYOOS, KEEK



SOL

Meñeef i réewmi ci suñnu biir dund, 2025

FONGS – Action Paysanne, Fédération des Organisations Non Gouvernementales du Sénégal

Ginaaw bi nu sosee ci at um 1976, Kuréel u mbootaay u beykat i senegaal yi gi wékku wul ci nguur gi te ñu gën koo xam ci (FONS- Aksyon péyisaan), nekk na di benn ci Kuréel u mbootaay u beykat yi gën a màg ci senegaal. Fii nu tollu, mbootaay yi ci bokk té nekk ci mboole-seen réew mi, ñu gi tollu ci 34, té ëmb ñoom ñépp lu tollu ci 120 000 maambar.

Kuréel u mbootaay u beykat gii di FONS, ku ñu rañee bu yagg ba leegi xareñteef am gu wéer ci ni nuy gungee ag a jàppale mbay um kér yi la. Bokk na ci ay liggéey am : yàppale ak gungee kér yi ci ni nuy soqalee séen i kom-kom , ni nuy toppe séen i yëngu- yëngu, ni nuy yéwénale séen i meñeef, ak it ni nuy dooleele séen i xam-xam, ak séen mën-mën rawatina ci wàllu mbey mu sell te amul tooké.



SOL, Alternatives Agroécologiques et Solidaires

SOL, mbootaay u dimbalante la boo xam ni lu ñépp 40 i at, mingi liggéey ci Farans ag fu bari ci àdina bi, ngir amal ag suuxalli ay xeeti mbay ag dundin yu sell té mën a sax dàkk. Loolu nag jubluwaay bi mooy fexe ba beykat yépp dund, dund bu sell ci ngor ak sutura ci séen u ñaq.

Sunuy jàppale ak ay liggéey lawna tey ba ci 3 kembaar : moo xam ci biir Farans, Ind ak Afrik-bu sowu jant, té l'épp nag di ame ci fann yi :

- àndadoo ag ay kurél i réew, di sukandi ku ci séen i xalaat ngir tabax ay porose yu dëgérë ;
- ci diirub 45 at , SOL jàppale na lu ñépp 365421 baykat yu góor ak yu jiggén ci 4 kembaar ;
- lëkal ay baykat ak ñeneen i ligéeykat ci ay gox, ay réew, wala ay kembaar ;
- yeete ci wallu taxawaay, dundin ak nekkiin u nit ak ay dëkkandoom ;
- diisoo ak nguur yi ak ñiy saytu dogal yi ak kurél yi nga xam ni ci la mbootaay yi muy jàppale bokk.



YOKKUTE, Ngir dundu bu sell

Mandar ga bii di « Yakkute » mi ngi juddoo ci porose bii di "siiwal sunuy meñeef i dugub ak mboq ci biir Afrik bu sowu jänt ; te fons ak mbootaay u SOL saytu ko te àndadoo di ko doxal. Xeeti ñam yi mändar ga « Yakkute » di siiwal ñu ngi bawoo ci dugub ak mboq mu nu baye ci nu gox yi ci anam yu sell ak doxalin yu nu jëfandikoo wul benn tooke. Ay ñam la ñu, yu saff te wuute : fériñ yu nu mënn a defare mburu, mburu, biskit, beñé, ak yeneen i toggi cosaan yu dugub ak mboq. « Yakkute » dey jàppale ci noonu baykat yu góor yi ak yu jiggén yi ak way sop-parñ i ngir yokk séen i koom ak yu séen i gox te diléen jox dund bu sax dàkk te sell.

Sunu fériñ yi nag dees na ko fekk ci 7 bërëb yu jaayukaayii, ngir am ko : Kafrin, Baambey, Tuubaa Aali Mbenda, Njagañaaw, Njaaréem, Gosaas ak Mbirkilaan. Fii nu tollu tey, 287 jigéen ak 65 bulañses yuy jëffandikoo fériñ yooyu, ñu ngi ciy defar ay ñam yu mucc ayiib ci lu ñépp 85 dëkk ci diiwaan yi : Kafrin, Kawlak, Cees, Njaaréem ak Fatik.

MEÑEEF I RÉEWMI CI SUÑNU BIIR DUND

AY ÑAM MBURU, KUKII, MBISKIT, BRIYOOS, KEEK

YOKKUTE
PAR FONGS & SOL

Mbind mi

Kurél u bindkat yi
WAA FONS AK SOL

Ñi éndi séen xalaat ci téeré bi
MICHEL CIRES

JAMES FOREST

Ñi doon taxawu defar
ub nataal yi

Jordi VALBUENA
Mélissa ROSIER

Ñidefar nataal yi
Jérémie ñi dugal séen xalaat
ci téeré bi
Licence Creative Shutterstock
Freepik.com

Làambaay u téeré bi
SOL/ Freepik.com/
Mélissa ROSIER

Tabax ub téeré bi
Mélissa ROSIER ak wa SOL ak
FONS

ÉDITION
Kér gi ko mool :
Imprimerie du Centre

CANT AK NGÉRÉM YI



Téeré bii dey wone jaar-jaar yæk jef yi ci ni ñuy dooleele ak siwal meñeef i réew mi te 287 jigéen ak 65 mbulañse yi dëkk ci àll bi jagoowoon porose bi joxe na ñu ci séen waaw.

Fojs -aksion péysaan ak ay mbootaayam yi yeboon seen loxo si porose bi ñu ngi sànt bu baax mbootaay gi ñuy wax SOL ak farandóo yi bokk ci nguur ngi ak yi ci bokkul (ANCAR, ISRA, ITA) ak ñeeneen ñi nekk bitim réew, ci séen jàppale (njumtu-kaay, xaralaak mbaa koppar yi ñu dugal ci doxalinu) ci wàllu porose bii di siwal ak di doolel meñeef u réew mi ngir ñu mén sunu bopp, moom sunu bopp.

SOL

Ci njéexital liggeey bi, ño ngi sant itam bu baax bépp nit bu taxawoon ci sunu wet ngir gunge nu ci lu tax porose bi àntu ci anam yi gën.

Nu ngi sànt itam sunu waay jáppale yi, ñi nga xamne nook ñoom noo àndandoo ci liggeey bi ngir génné li téeré bi ëmb : Fojs-aksiyon péysaan ak 7 mbootaayam (ADAK -EGAK - JIG-JAM – URAPD – FEGPAB – EGABI – ARAF) ci séen tàkkuteef ngir wéyal séen yéené ngir jox beykat yi rawatina jiggéen ñi ay pexe, ay kurél ak ay njumtukaay yu léen may nu mén a dund bu yéwén ci séen i gox te gëna dëgëral séen i taxawaay ci réew meek ci bitim réew ngir mëna jamaarlook mbér yi sàmpu ci séen kanam, tey ténk waa àll bi: doolel meñeef yi bawoo ci mbey um gox yi, rawatina ñu dugal léen ciy pexe ak i yoon yu sax dàkk, "bey dunde ak dunde li nuy bey", mbey mu sell tey bayi xel soppeek ug jamono yi mén a galankoor meñeef yi, xéy um waa àll bi ngir wañi gadaay gu meti gi .

Sunuy cànt ñeeyal na itam :

Sunu tåggat kat yi : Paap Mbisaan Ngom ak Xari Njaay

Sunu tåggat kat yi joggé woon Farans ci at yu njékk yi ; ci séen taxawaay bu màtt sëkk ci wallu jangale meek ak defar ub téeré bii : Doynaa XAAN, Michel CIRES, James FOREST ;

Porose bii amna jáappleeg ; Agence Française de Développement ak yeneen, la ville de Paris, ay fondaasiyon : Agir sa vie, Foundation for the Third Millennium, CFSI ak bu la Fondation de France.



Projet soutenu par
Fondation de France

Xalaat yi nag ak gis-gis yi téeré bii ëmb ñu ngi bawoo ci Fojs ak SOL, kon nak tekkiwul ne xalaat i AFD wàlla yeneen fondaasiyon yi nu limoon ci kaw.



LIMU ËMB

Cànt.....	4
Limu ëmb.....	5
Tàmbali bi	6

Lu waral ñuy soparñi ak asiiwal dugub ji ak mboq ml.....	7
Séen meñefi gox.....	8
Seede.....	9

Jumtukaay yEEK yimu àndal	10
Karange ek selel gi	11
Puuru ban	12

Jàmb u foroxal ak lëwiir u mbulañse.....	13
Ni nuy defaree jamb u foroxal (pat meer)	14
Mburum mboq mbaa bu dugub	15
Mbuuru mew bu dugub mbaa bu mboq	17
Mbuuru biri yose bu mboq	18
Mburum dugub ak gerte.....	19
Mbiskit mu dugub mbaa mboq mu ànd ak gerte	21
Mbiskit mu dugub mbaa mboq, mu am limon.....	22
Boñ-boñ (korokan) bu dugub mbaa mboq bu am gerte.....	23
Xeeri tuba (kooki) yu mboq ak limoñ.....	25
Keek u dugub walla mboq walla keek u dugub ak mboq.....	26

Dooleel meñef u réew mi (Dugub ak Mboq) ngir jariñ u ñépp.....	27
--	----



Ngir ngéen mëna xam mbuuru, beñe ak ngato yu ñu defar ci meñeef u réew mi (dugub, mboq, gerte wàlla ñebbe) ; ño ngi léen di biral ci téere bii ligéey bi mbulañse yi dekk ci àll bi ak jigéen ñiy sopparñi meñeef fi rewmi àndadoo defar.

Téeré bii ñu ngi ko defare ci doxallub porose bii di "siiwal Sunuy meñeef i dugub ak mboq ; te foñs ak mbootaay u SOL saytu ko te àndadoo di ko doxal ci Senegaal te door ko ci atum 201. Liggéey bii nag danu koy amal ci 7 mbootaay i beykat yu bokk Foñs te nekk ci diiwaan yi : Kafrin /Kawlak (ADAK, EGAK et EGABI), Njagañaaw (URAPD et FEGPAB) , Cees (JIG-JAM) ak Fatik (ARAF).

Ci jamano boo xamanteni, Senegaal njégg um bele bi dafa koo xojj , prose bii jubluwaay am moo di dooleel mbey um dugub ak mboq ak jéffandikoo séen i fériñ ci défar mburu ak bépp ñam ngir wañi li nuy jénd ci fériñ u bele bi, rawatina ci dekk i àll yi. Téeré di ténk li xew ci porose bi nuy doxal liko dale ci at um 2015 ba leggi, te jangale ci, jàppale ci 345 beykat ak 378 jiggéen ak i mbulañse ci ay njumtukaay. Jàppale yooyu, ubbina ay but i xéewél ak koom-koom ñeewal beykat i dugub yi ak yu mboq yi ; gën it yéwénal ak dëgëral sopparñig meñeef i réew mi ; taxna it ba lu tollu ci 45.000 nit di jénd ak a jéfandiko ñam yu sell te bari ferñet. Ñoo gi sukkandiku ci doxalin yi ak jéf ngir gaaral ak siiwal yenn ci xeet i ñam yi nuci doon defar.

Sunu mëbët tey, mooy bu ñu sukkendikoo ci téeree bii, ñu yaatal siiwalub ni ñuy duggale sunu meñeef yi ci defar mburu, beñe, ngato añs ... rawatina ci biir njaboot baykat yi. Téere bii li ko taxa jóg moy won léen yoon yi ngéen di jaar ngir mëna defar ñam yi ci téeré bii te ñu defare léen meñeef i réewmi.

SUNU TAGGAT KAT

PAAP MBISAAN NGOM

Mbulañse bu jängaloon ci ndoortee porose bi ci at um 2015 nakka la nuy dugale fériñ u dugub ak bu mboq ci defar ub mburu. Cig xaralaam tàmbali na nekk jängalekat ci at um 2018, bu jängal mbulañse yu bari ci doxalin u prose bi ci ni nuy lakke dugub ak mu mboq. Mingui yaatal xam-xamam ak a séddoo ay doxalin am ak yeeneen mbulañse yi. Ci biir dëkkam Njagañaaw, la am bulansëreem té liggéey itam ci wallu minise, mooy defar li épp ci njumtukaay yi porose biy jäppalee mbulañse yi muy liggéey la.



SUNUY MEÑEEF AK YÉEN

4 mbir yi wara tax nu wara doolel sunuy meñeeef

1 Ngir yokk koo-koom yi ak nuy bey sunu bopp su soxala ci wallu dund, ba dootu nu jëggaaani ab dund

Senegaal dey jëggaaani xaaj ub limu itewoo ci wallu dund, ci biir loolu, bokk na ci bele ! Li muy jëggaaani ci bele joggé na ci 216.465 ton ci at um 2000 ba dem ci lu jege 861.000 ton ci at um 2022 !

Li ko waral dëgg ? Li ñuy lekk ci mburu ci réew mi : 90 ci 100 kilo yu nu jëggaaani ci bele, ñu ngi koy jéfandikoo ci lakk mburu

Waññet yi mu jur : wañugug li nuy lekk ci meñeefi réew mi rawatina dugub, mboq ak li deme ni ñoom, muy pert bu réy ci koom-koom beykat i réew mi. Nakka noonu Senegaal, di gën wékku cim njëgg ginaaw bi way réew mi waññee di dunde li nuy bey. Jëggaan i dund boobu nuy def nag lu diis la ci réew mi : ci atum 2022, njëgg um bele yóbbu na lu tollu ci 237,7 milyaar ci su xaaliis SEEFAA, te ci atum 2021 li nu ci fere woon tollu woon ci 149,3 milyaar ci sunu xaaliis SEEFAA. Xaaliis boobu nag Senegaal ak i beykat danu koy ñakk, ndax dey toxu ci moomeel u beykat i bele yu mag yi ci réew yooyu nuy séen bele bi (Farans, rawtina Riisi). Nakka noonu nag, Senegaal ak am koom-koom am di gëna nasax ak a loru ci yokkuteey njëg i dund bi mu ite woo.

Nakka noonu itam, beykat i réew miy bey dugub, mboq ak yini mell di wéy di am ay jafe-jafe ngi ménna jariñoo ak tedd ci séen um bey, loolu di yokk ndóol gi ak ñakk gi ak itam dëddu gi waa àll bi di dëddu àll bi jém ci réew taax yi. Xalaat léen, sunu demoon ba loolu nuy jëggaaani bele nu diko jëndé dugub ak mboq mi ñore ci réew mi, xaaliis bi lépp dém ci beykat i réew mi ; li muy jur ci wallu yokkute ci ñoom, ci dëkk i all bi, ci koom-koom i réew mi ak ci wallu nu mënn su bop ci wallu dund bu nu dootul jëggaaani ? Pexe moomu, la nu téeré bii di gaaral.

2 Ci wàllu wérgi yaram

Mburu mu am dugub ak mboq daa èmb njériñ yu bari :

- Ferñeent yi nek ci dugub ak mboq dafa gën fuf yi nek ci bele ;
- Li muy dugal ci sunu yaram ciy ferñent matna ñeenti yoon li nek ci mburu bele kese ;
- Te itam mburu mu am dugub mbaa mboq moo gën a gaawa rees, ndax daa gëna neew gom ;
- Fériñ u dugub ak mboq mi joggé ci mbey mu sell mo gën a néew tooke fériñ bele mi soqekoo ci mbey mu am tooke te bon ci wér gi yaram.


3 Ci wàllu mën -mën

- Jéfendikoo meñefu réew mi, dey jiital xam-xam, doxalin, ak mën-mën u wa gox bi ci ni ñu leen di soparñee fériñ, mburu ak beñe ;
- Lii gën a rañeeku tey ci ni ñuy defaree mburu ak fériñ mboq mbaa dugub

4 Ci wàllu caada

Chaque aliment, chaque préparation culinaire possède une signification culturelle et une valeur symbolique. Donc valoriser des céréales locales, c'est aussi promouvoir la culture de son pays.

Fériñu dugub, bu mboq ak ñi koy soparñi ci séen gox !



Légende :

- | | | | | | |
|--|----------------|--------------------------------------|-----------|-------------------------------------|-------|
| | Zone projet bi | ★ | Mangasiin | ★ | Wollu |
|--|----------------|--------------------------------------|-----------|-------------------------------------|-------|

○ Limub mbulañse yEEK fi ñu nekk

○ Limub jigéen ñiy beñeek fi ñu nekk

Fekk léen sunu fériñ yi ci 7 i bérébu jaayukaayii

- **Kafriñ ci makkaanu mbootaay gii di (ADAK)** : man nga jokkoo ak Ibraayima xalilulaay FAY ci 77 161 64 15 walla Balla GAY ci 77 550 54 61-
- **Tuuba Aali Mbenda ci makkaanu mbootaay gii di (EGAK)** : man nga jokkoo ak Móodu Ndimbelane ci 77 536 68 39 walla Amadi GAJAGA ci 77 034 26 59
- **Baambey ci makkaanu mbootaay gii di (URAPD)** : man nga jokkoo ak Demba MBAY ci 77 442 34 51 walla Paap Abdulaay JUUU ci 77 505 02 72
- **Njagañaaw ci makkaanu mbootaay gii di (JIG-JAM)** : man nga jokkoo ak Seex SALL ci 77 658 29 42 walla Póol Sombel Tin ci 77 456 72 73
- **Njaaréem ci makkaanu mbootaay gii di (FEGPAB)** : man nga jokkoo ak Abdu NGOM ci 77 423 61 27 walla Bram SAAR ci 77 634 20 59
- **Gosaas ci makkaanu mbootaay gii di (ARAF)** : man nga jokkoo ak Daawuda JUUU ci 77 445 84 68 walla Mamadou SAAR ci 77 425 45 21
- **Mbirkelaan ci makkaanu mbootaay gii di (EGABI)** : man nga jokkoo ak Asan WILLAAN ci 77 658 42 54 walla Mustafaa TURE ci 77 929 44 17

Ngir am beneen xibaar mën ngéen jokkoo niimaro yii ci kaw, ngir ñu jokkaleléen ak mbulañse yi défar mburu dugub ak mburu mboq mi walla jiggéen ñi défar beñe yi ak ñoom-seen ci fériñ u dugub ak bu mboq.

MBAYE FAYE

LI MAY DEFAR



MBULAÑSE BU DËKK BULEL, BU AM MBÉGTE
LOOL CI DI DEFAR MBURU AK YENEEN XEET
CI FËRIÑU DUGUB MBAA BU MBOQ.

At mi mu taxawalee puuram : 2011

At mi mu tambalee defar mburu
dugub ak mboq : 2011
Limub ñiy liggey ci puur ram: 05 nit

LU WARAL MUY DEFAR MBURU DUGUB AK MBOQ?

Bi ñuy door porose bi, sama baay daf ma xelal may lakk mburu mu am meñefi réew mi, ndax nun ak sunu njaboot ay beykat lañu.

« BI MA NEKKE NDAW, DAMAA MËSOON BËGGA DOON MBULAÑSE »

Ci mburu cosaan buy lakk mburu "tapalapa" la njange mece mi. Ni ma ko waxe ci njélbéen ci at um 2011 la am sama puurub bopp ba leegui.

Maa ngeek 4 xale yu may jangàl te ñaar ci ñoom àndoona ñook man ci bi ñu nuy jàngal ni ñuy jéfendikóo dugub ak mboq ci defar mburu.

Li may liggey lépp, samay yokho la koy defare te ci puuru ban laa Koy Lakke. Li may lakk lépp day am fériñu dugub mba bu mboq : mbuuru mboq, mburu meew ak dugub mba mboq.

Mbuuru biri yose bu dugub mba mboq, dinaa defar ay ngato bu ñu ma ko santé, ak ay mbiskit. Bi ma tambalee jéfendikoo dugub ji ak mboq mi ci mbuuru mi laa bayi, lakk mbuuru ak fériñu bele kesse.
Bés bu ne, ma ngi lakk ñaar fukki kiló ak juróom (25) yoo xamne 15 kiló fériñ u bele 10 kiló yi des di fériñ u dugub mba mboq.


Dibeer ju nekk, di sunu bésu luuma damay yokk li may lakkte, dinaa ligéey lu dale ci 10 waxtu ci gudi ba fajar te dinaa jaay lépp balaa jànt so. Fériñ u dugub ak bu mboq ma ngi koy jéndé ca wolu kaay u porose bi nekk ca Kafrin.

NGËNÉEL YI MUMA JURAL

SOL ak FONS ñoo ma tåggat ci ni may jéfendikóo dugub ak mboq ci li may defar. Loolu mo tax am naa lijaasa ci ndaje mi ñu doon fësale xaralay beykat yi ci ni ñuy sóoparñe dugub ak basi te ñu amaloon ko ca Kafrin. Leegi am naa yéené wéyal ak xamle ni ñuy defare mbuuru ak dugub mbaa mboq.

« AMNA YEENE UBBI BENEEN PUUR CA MBUUR BA MËN A FËSAL LIMAY DEFAR »

Lakk mburu ak meñefi réew mi sunu njériñ la nun ñépp rawatina yokkuteeb ñi nuy beyal dugub ji ak mboq mi, ak nun mbulañse yeek jigéen ñiy lakk beñé yeek ñi koy jéfendikóo, moo tax mane baaxna lool te may ñaan mu wéy te sax dàkk.



NJUMTUKAAYI AK SU SEW YI AND CI MBUURU MI

1 WAAJAL JUMTUKAAY I JËM CI PUUR :



Puuru ban



Plaques en fer



Plaques en fer
ondulées



Peel



Boros



Taabal



Mbalka jambukaay



Fij



Fij



Balaas



Pot u
natukaay

Joosu



Kasu ataya



Daggu kaay pat



2 JUMTUKAAY YI ÑUY SOXLA NGIR DEFAR YENEEN YU BOKKUL AK MBUURU :



mba



Dëru



Muul

3 MAN NDUG LAA SOXLA? :




Fériñu dugub



Fériñu mboq



Fériñu bele



Jàmb biy foroxal



Lwiriru cosaan
Lëwiir bi am tokke




Suukar



Guerte noflay



Xorom




Sunguf meew




Ndoxu limoñ



Bér



Gerte saaf



Nen



Ndox

CET AK KARANGE

YOXO YU SET NGIR MBUURU BU SELL

Wareef la ngay raxass say yoxo sa su ne, ngir ba ña def tokke ci li ngay defar. Lakk mbuuru dafa yeyoo ñu jàgleelko ay yere boppam



NDOX AK MBUURU

Rey mikorob yi ci ndox mi ak koloor kaaraange la bu siiw ci wàllu wér gi yaram – wante yeneen pexe mëneesna koo jéfèndikóo lu mel ni jéfèndikóo doomu sab-sab ngir séllal ndox mi.

Naka la ñu koy defe :

Dëbbal 50 garaam yu doomi sab-sab def ko ci Benn liiter u ndox, nga mayko ida 30 simili, ganaaw loolu nga dikóo yëngal yen sa so pare nga segg ko.



SET SETAL PUUR BI !

- Puur bi dafa waraa set te sell, te juntukaay bu nekk ñu teg ko palaas am.
- Farata la saa su nek ngay setal ak a selal fi ngay liggéeye, puur bi, njumtukaay yi ak li leen wér.
- Puur bi, ña faay liggéeye, jumtukaay-eekndugg mi mëna ñoo èndi lorange bu ñu séllu le.



LIÑU WARA MOYTU CI PUUR BI

Ag lakk, ay lakk-lakk, saxar su bari looloo tax ñu wara jël matu kaay yi :

- Soréel bëpp nit bu liggéeyul ci puur bi, tere xale yi ñu dugg ci puur bi te solal ay gan



PUUR BI ÑUY TAALE MÀTT : NAKA LA ÑUY MËNA WAÑEE LIMUY JËFËNDIKÓO CI MÀTT.

1

Ci réew mi jamono ju ne màtt dafiy gëna jafa, ba tax yoon di tere ngor um garab yi so amul kayit ndax dafay fagagal àll bi tey am njexital yu bonn ci réewmi:

- ci ni nuy amme màtt tey ak élég
- ci kàtan u suuf si
- ci ñax mi ak koom-koom i gox yi

Iooloo waral ñu wara saytu ak xel, ni ñu jëfëndikóo màtt mi ci puur yi.



**NGIR PUUR BI
MËN LAA JOX
LINGA SOXLA**

Setal ak nemeek u saa su ne wareef la

- dajale xal yi ci pegg ngir tàngoor wi ñooral mbuuru mi mu baax
- moytul tàngoor u puur bi di rëcc di gënn ci biti
- fexel ba tàngaaay u puur bi di wëy ba mbuuru mi mëpp ñor.

**DESARAAT
SAY
NJUMTUKAAY**

Ngir ngén am li ngéen soxla ak séeni njumtukaay, jëfëndikóo ay fij so léen di lakk mbuuru, dëral néeg u puur bi ak ay karo-fat léen feet-feet yi ak pax yi ci liko wér. Jëfëndikóo ay fij lu am solo la ci puur bi, ci ñoraayu mbuuru mi ak séllaay am.

**TÀNN LI
NGAY TALE
SA PUUR**

Tànnal taalukaay bu baax té mëngóok moom


nga xamne prose yiy yëggutu ci wàllu mbey ag garb tey dooleel njëmbët um garab yiy tocci tool tool i mbey yi, yokk màtt mi, tey wàni liggéeyi jiggéen ñiy dox ay kilomeet ngir am ay sayyu màtt.

2

Su puur bi mellu lee ni gën, tàngoor week saxar si di nay xér ñi ci biir ak ci biti te lool baxul ci nit ñi fa nekk ak ñi ko wér.

Lorsqu'il est mal utilisé ou peu performant, le chauffage du four au bois devient polluant, à l'intérieur et à l'extérieur. La fumée qui s'y dégage constitue un enjeu majeur de santé.

KËRIÑU COSAAN BEN PEPE: Ay taalukaay yu jóggé ci këriñu cosaan yu wuut (manaam : xotti gerte ak ban) ñu ngiléen jëfëndikóo ci réew mi ni këriñu cosaan (te mu mën a wuut màtt moo xam bu nekk bull walla biriket te ñu mëna gëstu niñu léen di jëfëndikóo ci puur, ngir nu mëna aar garab yi te dimbali mbulañse ngir ñu yokk séen koom-koom!



JÀMB U FOROXAL AK LËWIIR U MBULAÑSE



Lan mooy jàmb u foroxal ?

Jàmb u foroxal mënaa wuttu lëwiir bu mbulañse yi. Naam bu fekkeene jëfëndikoo jàmb u foroxal ci defar ub mburu mi moo gëna gudd aw doxalin, njériñ yi mu ëmb jarna nu def ci taxaw seetlu: cafka mburu mi moo gën neex, moo gën a gaawa rees, dafay may sa yaram mu mën a dajale ferñeet yu bari té moo gën a yomb njëgu lëwiir. Ci noonu, mburu mu am jàmb u foroxal moo gën ci wér gi yaram mburu mu nu defar ak lëwiir.



Lëwiiru mbulañse

Lëwiiru mbulañse: ci jéegó yi ngay def ngir foroxal pat bi, lëwiir bi dey soppali gilisid yi gaas karbonik ak alkool. Ci lakk um mburu njeexiital li ñu ciy wuut mooy gaas karbonik bi ak alkool bi còoló li da léen di yóbu bu mburu mi di ñor. Am na ñett i xeeti lëwiir u mbulañsé : lëwiir bu tooy bu ñuy nal, lëwiir bu wow ak lëwiir buy dund.

Ci li ñuy lakk yépp ci xeet i mburu, mëna noo jëfëndikoo jamb u foroxal mba lëwiiru mbulañse, ci yeneen xeet yi nuy defar, ñu ngi digle nuy jëfëndikoo lëwiir u mbulañse yi te mu am tooke.



GËN NA NGA JËFËNDIKÓO SUUKAR AK LU NIIN

SENEGAALE YU BARI, TAAMU NAÑU AY , ÑAM YU AM SUUKAR MBAAN YU NIIN WAAYE NAG JËFËNDIKÓO SUUKAR SU BARI BÉS BU NEKK MËN NAA ËNDI JAFE -JAFE WËR GI YARAM . , ÑAM WU NIIN WALLA WU SAF SUUKAR LOOL MËN NAA ËNDI FEEBAR YU MEL NI JABEET. AMNA BEN GËSTU BUY FIRNDEEL NE LU JEJE 720.000 NIT FEEBAR BOOBU DAB NA LEEN. KON LI GËN, MOOY JËFËNDIKÓO ÑAM WU NÉEW SUUKAR.

YENN I FEEM : WAÑÑI ÑAM I SUUKAR YI TE WUTALELÉEN AK LEM MBA YEN MEÑEEF YU SAF SUUKAAR.

NI ÑUY DEFARÉE JAMB U FOROXAL (PAT MEER)

● NAKA LA ÑUY DEFARÉE JAMB U FOROXOL (PAT MEER)?



Njaxas mu njékk: boleel 30 cl ndox ak 500 garam u fériñ, nga jaxaseko ba noppal, nga bayiko 12 waxtu ak ñaar ngir mu dal.



Ñaareel u njaxas bi : nattatal ci ndox 30 cl ak ci fériñ 500 garam; yokk ko ci njaxas mu njékk mi nga bayiwaat lëpp mu noppalu 6 waxtu




Netteel u njaxas bi: dollil ci ñareel u njaxas mi 60 cl ndox ak 1 kiló fériñ, su ko defe nga am 3,2 kiló jàmbu foroxal (pat meer)




Ganaaw bi nga jélee 3 kiló ci jamb u foroxal bi (pat meer), bi tolluwoon ci 3,2 kiló, des wa (200 garam) yi ngay jéfendikoo ngir defaraat beneen jàmbu foroxal (pat meer).

Naka la ñu koy jéfendikoo leegi : ci 3,2 kiló (pat meer) yi nga amoon ci ñetteel u njaxas bi ngay jéel 3 kiló dolli ci 9 litar u ndox ak 18 kiló fériñ u bele nga jaxase ko. Nga am leegi 30 kiló pat yu mën a def mbuuru.



200 garam yooyu ngay nar a jéfendikoo, da nga koy wara denc ci fu sedd ci diruub 6 waxtu. Sooy defaraat benen jamb u foroxal (pat meer) nga dolli ci 1 litar u ndox ak 2 kiló fériñ, nga jaxase ko ba lepp ànd nga amaat 3,2 kiló jàmb u foroxal, nga nopalaat ko 6 waxtu.



Jàmb u foroxal boobu (pat meer) nga noppal 6 waxtu, mën nga koo jéfendikoo mu wuuttu lewiir mbulañse ndax mo ko gën.

MBUURU MBOQ MBAA BU DUGUB

WAAJAL

YU SEW YI CI WARA ÀND



1 Booleel yu sew yéep ci mbalka jambukaay bi. jàmb kook say yoxo lu toolu ci 12 mn ba pat bi nooy te mëna taweeku.

Fériñu mboq (920 GRGS) + Fériñu bele (3.7 KG) + Lëwiiru mbulañse (10 GRS) + ak/mba Jàmb biy foroxal (1KG) + Ndox (3.5L ou 4L) + Xorom (70 GRS) =



JAXASU TAARAL




2 Noppal ko 45 mn ba pat bi sekki.



3 Leegi nag, nga lèamb ak sa loxo ba xam ndax sekki na ba noppip wala deet.



DIIR AK LAKK



REPOS NOPPAL


4 Boo noppée nga sedale, peese, defaar ay dànk (paton) yu 250 g. So ga noppal ndànk yi 20 ba 30 mn su la soobe.



5 Fekk na ci jamono boobu nga wara tàngal sa puur, ba mu tolloo ci digante 220 ak 235 dëgéré, loolu nag mu ngi aju ci xeetu puur bi nga yor.




- 6** Nga jëmmal xeetu li nga bëgga lakk (bulu buru yi, yunmbuuru suukar yi, muul u mbiskit yi mbaa yu ngato yi, loñse bu dee mbuuru). Nga teg ko ci fij yi doora xaar 45 mn ba 1 waxtu.



- 7** Baalaa nga dugal ci biir puur bi, nga ñaas paton yi. Ngir taraal li ngay lakk, da ngay defar njàmb u suukar, ndox ak fériuñ u bele wala nen, mew ak sukaar, nga diw ci sa paton yEEK boros bu ndaw.




- 8** Lakkal sa furne bi 8mn ba jàpp 10 mn fekk tàngóor u puur bi tollu na ci 220 dëgéré.



- 9** Ganaaw ba nga lakkee sa furne ba noppo, nga noppal lu tollook 1 waxtu, nga diw biir u mbuuru yi tëddoon ci puur bi. Nga baña laxas mbuurumi ci tàngoor bi.



MBUURU MEW BU DUGUB MBAA BU MBOQ



WAAJAL

- Booleel yu sew yépp ci mbalka jambukaay bi
- Jàmb kook say yoxo lu toolu ci 12 mn ba pat bi nooy te mëna tawee

NOPPAL

- Noppal ko 45 mn ba pat bi sekki
- Leegi nag nga làmb ak sa loxo ba xam ndax sekki na ba noppo wala deet



- Boo noppée nga sedale, peese, defaar ay dànk (paton) yu 250 g. Mën nga noppal ndànk yi 20 ba 30 mn su la soobe
- Fekk na ci jamono boobu nga wara tàngal sa puur ba mu tollo ci digante 220 ak 235 dëgéré, loolu nak mu ngi aju ci xeetu puur bi nga yor



- Nga jëmal xeetu li nga bëggä lakk (bul u mburu yi, ak yu mbuuru suukar yi, muul u mbiskit yi mba ngato yi, loñsé bu dee mbuuru). Nga teg ko ci fij yi, doora xaar 45 mn ba 1 waxtu.



8 Baalaa nga koy dugal ci biir puur bi, nga ñaas paton yi. Ngir taraal li ngay lakk, da ngay defar njàmb u suukar, ndox ak fériñ u bele wala nen, mew ak sukaar, nga diw ci sa paton yEEK boros bu ndaw.



LI JARA RÀÑEE:

Fériñ u mboq moo gëna beg ndox bu dugub. Fériñ u mboq moo gëna soxla ndox (maanaam lu tollu ci walaat u ndox).



9 Lakkal sa furne bi 8 mn baa 10 mn fekk tàngooru puur bi tollu na ci 220 dëgëré



10 Ganaw ba nga lakkee sa furne ba noppo, nga noppal lu tollook 1 waxtu, Nga fomp biiru mbuuru bi tèddoon ci puur bi. nga baña laxas mbuurumi ci tàngoor wi.



MBUURU BIRI YOSE BU MBOQ

i Soo bëgee defar mbuuru biri yose bu mboq, mën ngaa defaat doxalin wi nga defoon bi ngay defar mbuuru sukar bu dugub mba bu mboq.

Te jéfendikóo yu sew yi nak:



JAXASU TAARAL

YU SEW YI CI WARA ÀND				
Fériñu mboq (1.540 KG)	Fériñu bele (3.250 KG)	Suukar (400 GRS)	Lëwiiru mbulañse (40-50 GRS)	ak/mba Jàmb biy foroxal (1KG)
Bér (400 GRS)	Ndox (2.250L)	Ndoxu limon (4)	Nen (4)	

	+			
Sunguf meew Ndox				Nen
DIIR AK LAKK				
	220°		25min	
				47 mburu

MBUURU DUGUB AK GERTE

YU SEW YI CI WARA ÀND



JAXASU TAARAL



DIIR AK LAKK



LI JARA RÀÑEE: :Cafka fériñ u dugub moo ngëna forox bu bele, tuuti suukér doyna ci ngir dabu bëg-bëgi nit ki koy jëfendikoo, wante nanuy moytu tey yemale suukér si, ngir limu mëna jur ciy loraange

WAAJAL


- 1 Booleel yu sew yépp ci mbalka jambukaay bi.
- 2 Jàmb kook say yoxo lu toolu ci 12 mn ba pat bi nooy te mëna taweeku.



- 3 Noppal ko 45 mn ba pat bi sekki.
- 4 Leegi nag nga làmb ak sa loxo ba xam ndax sekki na ba noppa wala deet



- 5 Fekk na ci jamono boobu nga wara tàngal sa puur ba mu tollu ci digante 220 ak 235 dëgéré, loolu nag mu ngi aju ci xeetu puur bi nga yor
- 6 Boo noppa nga sedale, peese, defaar ay dànk (paton) yu 250 g. mën nga noppal ndànk yi 20 ba 30 mn su la soobe



- 7 Nga jëmmal xeetu li nga bëgga lakk (bull yu mburu, yu mbuuru suukar, muul bu mbiskit mba ngato, loñsé bu dee mbuuru) nga tegg ko ci fij bi xaar 45 mn ba 1 waxtu.



- 8 Baalaa nga koy dugal ci biir puur bi, nga ñass paton yi. ngir taraal li ngay lakk, da ngay defar njàmbu suukar, ndox ak fériuñu bele wala nen, mew ak sukaar, nga diw ci sa paton yi ak boros bu ndaw.



- 9 Lakkal furne bi 8 mn baa 10 mn fekk tàngooru puur mu ngi ci 220 dëgéré.

- 10 Ganaw ba nga lake sa furne ba noppa nga noppal lu tollok 1 waxtu. Nga fonp biiru mbuuru bi tédsoon ci puur bi.
!\\ Nga baña laxas mbuurumi ci tàngoor wi.



MBISKIT MU DUGUB MBA MBOQ MU ÀND AK GERTE



WAAJAL

YU SEW YI CI WARA ÀND



Fériñu dugub Mba mboq (500 GRS)



mba Mais



Fériñu bele (260 GRS)



Lwiriru cosaan (15 GRS)



Bér (300 GRS)



Nen (4)



Suukar (360 GRS)



Gerte saaf (200 GRS)



Gerte noflay (200 GRS)



Xorom (1 Comp u xorom)






- 1** Jaxaseel bér, suukar, nen ak comp u xorom





- 2** Ci benen ndap, nga jaxase lëwiir, fériñ u bele, fériñ u mboq mbaa bu dugub ak gertenoflaay



- 3** Leegi booleel ñaari njaxas yi (1 ak 2), ngir nga am benn pat u mbiskit bu lépp ànd.



- 4** Ginaaw pat boobu nga am, peeseel ay paton yu 1 kilóbu teggal 100 ngaraam, boo noppe nga def ay loñse yu 45 cm.
Daggateel paton yi ngir nga am ay mbiskit yu wérngelu




- 5** Rànjaleel mbiskit yi ci fij boo ray diwlin, taaralal mbiskit yeek boros bu ndaw bi ngay càpp ci jämbu nen ak meew. Boo noppee nga rànjaleel doom gerte gi ñu saaf ci kaw mbiskit mi



- 6** Nga dugal ko ci puur bi diirub 25 mn, fekk puur bi mi ngi ci 220 dëgéré.

MBISKIT MU DUGUB MBA MBOQ, MU AM LIMON

YU SEW YI CI WARA ÀND



WAAJAL


1 Jaxaseel bér, sukaar, nen ak ndoxu limon



2 Ci benen ndap, ngay jaxasee lëwiir, fériñ u bele, fériñu mboq mbaa bu dugub




3 Leegi booleel ñaari njaxas yi (1 et 2), ngir nga am benn pat u mbiskit bu lépp ànd.




JAXASU TAARAL



4 Ginaaw pat boobu nga am, peeseel ay paton yu 1,100 kiló, boo noppe nga def ay loñse yu 45 cm



5 Daggateel paton yi ngir nga am ay mbiskit yu wérngélu. Rànjaleel mbiskit yi ci fij yoo raay diwilin, taaralal mbiskit yi ak boros bu ndaw bi ngay càpp ci jamb u nen ak meew.



6 Nga dugal Léen ci puur bi diir ub 25 mn, fekk puur bi mi ngi ci 220 dëgéré.



BON-BON (KOROKAN) BU DUGUB MBA MBOQ BU AM GERTE



YU SEW YI CI WARÀ ÀND




WAAJAL

- 1 Jaxaseel nen, suukar, ndoxu limon, bér ak benn comp u xorom



- 2 Ci beneen ndap, ngay jaxase lèwiir, fériñ u bele, fériñ u dugub mbaa mboq ak gerte gunu saaf



- 3 Leegi booleel ñaari njaxas yi (1 et 2), ngir nga am benn pat u mbiskit bu lépp ànd.



DIIR AK LAKK




220°



25min

- 4 Ginaaw pat boobu nga am, peeseel ay paton yu 1,100 kiló, boo noppee nga def ay loñse yu 45 cm



- 5 Daggateel Paton yi ngir nga am ay mbiskit yu wérngëlu. Rànjaleel mbiskit yi ci fij yu ñu raay diwlin, taaralal mbiskit yi ak boros bu ndaw bi ngay càpp ci jamb u nen ak meew.



- 6 Nga dugal léen ci puur bi diir ub 25 mn, fekk puur bi mi ngi ci 220 dëgéré.



XEERI TUUBA YU MBOQ AK LIMON

YU SEW YI CI WARA AND


Fëriñu mboq (300 GRS)	Fëriñu bele (100 GRS)
Suukar (350 GRS)	Bér (220 GRS)
Ndoxu limon (2)	Nen (3)
Léwiir bi am tokke (2)	Xorom (2 Comp u xorom)

WAAJAL


- 1 Jaxaseel bér, sukaar, nen ak joosiit i xotti limon ak xorom.



- 2 Boo noppée, nga yokk ci lëwiir ak fériñ yi; nga jaxase ko ba lépp ànd.




- 3 Nga diw fij yi nga koy lakke, nga jefendikoo kudu ndox ngir wiss léen ak ben kudu ngu ndaw ngir mën léen a tegat ndank ngir yoobu léen ci fij yi.




- 4 Nga lakk ko ci puur bi diruub 10 mn ci tangoor wu tollu ci 190 ba 200 dëgëré.

Moy tuul nak tangoor u puur bi épp 200 dëgéré.



190-200°

10 min




KEEK U DUGUB WALLA MBOQ WALLA KEEK U DUGUB AK +MBOQ

WAAJAL

YU SEW YI CI WAARA ÅND

Keek u dugub walla mboq



WALLA

Keek u dugub ak +mboq



Fériñ u mboq (400 GRS) Fériñ u dugub (400 GRS)



+

Paket i lëwiir
yu ndaw (4)



Nen (16)



Sunguf u
joositu
lijom (4)

OU Sunguf u
joositu
orans (2)

DIIR AK LAKK



180° - 200° (max)



- 1 Tàpp ak yëggël bôor biňu boole ak suukar si, ba am pat bu weex tall



- 2 Di ci dolli par ñaari nenn, te jaxas ba mu far



- 3 Yokk ci fériñ yi ak lëwiir bi



- 4 Sotti ci joositi orans yi walla lijom yi, ngir xeeñal ko




- 5 Walla nga sotti ci ndouxu orans walla mu lijom mi soo amul joosit yi



- 6 Taal four bi

180° - 200°




- 7 Diw muul yi te suy lén fériñ



=



- 8 Duy muul yi ba xajak pât



- 9 Dugal lén ci fuur butang bi lu tollu ci 30 simili



DOOLEEL MEÑEEF U RÉEW MI (DUGUB AK MBOQ) NGIR JARIÑ U ÑÉPP

SEEDEY ÑEN CI NU JÄGLE POROSE BI :



Beykat bi :

« Ci ndimbalal porose bi, limay jélé ci sama tool yokku na. Sama am-am itam yokkuna, ginaaw bi ma jaaye sama mboq mbaa sama dugub wa porose bi ñu def ko fériñ. »



Wol kat bi :

« Am na ci am xéy, te maay joxe fériñ bi soppali kat yi soxla nanu ko ngir wutale ko fériñ bele bi ñuy jëgaani. »



Sopparñi kat bi :


« Jéffandikoo meéñeef i réew mi ci li may defar taxna ma yok samay ngañay »

jéffendikoo kat bi :

« Li ñuy defare meñeef réewmi dafa neex cfk, di yokk sma doole ak sama wërgu yarm te ma,gi ciy suqali kom-kom i réewmi »

MAANAAM LU DEME NI LIGGÉEY BI FONGS AK SOL DI DEF CI DUGUB AK MBOQ NGIR LËKKËLÉ ÑÉPP ÑI CIY YËNGU

(baykat, soparñikat, ak waay jëfendiku yi te jaraale ko ci porose biy dooleel tey siiwal suñuy meñeef yi ngir nu mën ak moom sunu bopp ci wàllu dund)



SOL Alternatives, Agroécologiques & Solidaires

@ www.sol-asso.fr

f @SOLassociation

FONGS, Fédération des Organisations Non Gouvernementales du Sénégal

@ www.fongs.sn

f @Fongs-Book

Édité par



et

SOL

FONGS, Fédérations des Organisations Non Gouvernementales du Sénégal

@ www.fongs.sn

f @Fongs-Book

SOL – Alternatives, Agroécologiques & Solidaires

@ www.sol-asso.fr

f @SOlassociation